

<input type="radio"/> Senin	<input type="radio"/> Selasa	<input type="radio"/> Rabu	<input checked="" type="radio"/> Kamis	<input type="radio"/> Jumat	<input type="radio"/> Sabtu	<input type="radio"/> Minggu									
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	
<input type="radio"/> Jan	<input type="radio"/> Feb	<input type="radio"/> Mar	<input type="radio"/> Apr	<input type="radio"/> Mei	<input type="radio"/> Jun	<input type="radio"/> Jul	<input type="radio"/> Ags	<input checked="" type="radio"/> Sep	<input type="radio"/> Okt	<input type="radio"/> Nov	<input type="radio"/> Des				

Katumbiri

SMKN 10 Bandung Narima Anugrah Rumawat Padjadjaran ti Unpad

Dina Dies Natalisna anu ka-55, Universitas Padjadjaran masrahkeun pangajén "Anugrah Padjadjaran Utama" ka Sukamdani S Gitosardjono kana darma baktina pikeun bangsa jeung nagara dina widang atikan, Anugrah nu sarupa gé dipasrahkeun ka Robby Johan, alumni Unpad anu darma bakti jeung réputasi-ria meunang pangakuan sacara nasional-internasional, kitu deui Prof. Tuh-pawana Priatna Sanjaya dipaparin "Anugrah Mahaguru". Aya nu "aheng" dina éta acara, Unpad gé masrahkeun "Anugrah Rumawat Padjadjaran" ka SMKN 10 (SMKI / Sekolah Menengah Karawitan Indonesia) Bandung anu geus ngamumulé kabudayaan Sunda ngaliwatan jalur pendidikan.

"Nya di Sakola Menengah Karawitan ieu, anu mikaresep seni Sunda diatik-dididik jeung sumebar di masarakat. Lamun seug taya SMKN 10, régenarasi seniman jeung kamekaran seni Sunda bakal katueg!" ceuk Réktor Unpad, Prof. Ganjar Kurnia.

Kegiatan kabudayaan, cék Réktor, mémang geus jadi Renstra (Rencana Strategis) Unpad. Pagelaran kasénian rojongan Bank BJB, anu ditempatkeun di Balé Rumawat, unggal bulan maneuh ngayakeun pagelaran kasénian anu nepi ka kiwari kaitung aya kana 52 kali pagelaranan. Dieusi ku para seniman terah Jawa Barat, seniman nasional, jeung internasional. Mangrupa "rekor" pagelaran kasénian di Jawa Barat.

Anu kasinugrahan pangajén dina Dies Natalis (Milangkala) ka-55 anu lumangsung di Graha Sanusi Hardjadinata Jalan Dipatiukur 35 Bandung (11/9), salian anu disebutkeun di luhur téh aya ogé Dadang Epi Sukarsa, SH., M.Hum jeung 18 urang lianna nu narima "Satya Karya Bhakti Pendidikan Tahun 2012", Drs. Sudarma, MM jeung 231 urang lianna narima Satya Karya Bhakti Kelas I, Dr. dr. Med. Setiawan (Wakil Rektor III) jeung 107 urang lianna narima Satya Karya Bhakti Kelas II, R. Mohammad Tanri Arrizasyfaa jeung 5 urang lianna "Satya Karya Adasiswa Padjadjaran Tahun 2012", Agus Supriadi, B.Sc jeung 97 urang lianna "Satya Karya Purnabhakti Tahun 2012, Dewi Rani (almh) jeung 10 urang lianna narima "Satya Karya Jasabhakti Tahun 2011.



Dina umurna anu geus 55 taun, Unpad anu tetop jadi pangjugugan jeung impian pikeun nu hayang nyuprih élmu di paguron luhur boh ti tatar nusantara boh ti mancanagara, terus ngamekarkeun kualitasna dina sagala widang. Di antarana, luyu jeung statusna anu BLU (Badan Layanan Umum), dina ngaronjatkeun layananana pikeun civitas akademika, Unpad geus ngadegkeun kantor réktorat anu agréng tur pasilitasna kumplit di Jatinangor. Dina pelayanan widang akademik geus lumangsung Sistem Informasi Akademik Terpadu (SIAT) taun 2011 anu ngamangpaatkeun IT dina sakabéh prosés pendidikan. Kitu deui dina ngokolakeun "keuangan" Unpad unggul, dina laporan taun 2010 meunang "penilaian" opini akuntan publik "Wajar dengan Pengecualian", dina taun 2011 mah jadi "Wajar Tanpa Pengecualian (WTP)" tandaning patuh kana aturan. Anu matak kataji, dana tambahan BOPTN (Badan Operasional Pendidikan Tinggi Negeri) taun 2012 ku Unpad. diterapkeun pikeun Dana Pengembangan (DP) keur sakabéh program studi mahasiswa jalur SMUP (Seleksi Masuk Universitas Padjadjaran/Jalur Khusus di luar SNMPTN). Alhasil program studi Kedokteran anu tadina Rp. 175 juta jadi Rp. 95 juta, pikeun D3 walatra sakabéhna 4 juta. Turunna éta DP geus meunang apresiasi ti Dirjén Dikti jeung masarakat.

Unpad salila ieu mémang geus milu merhatikeun ka masarakat anu tacan mampuh ékonomina tapi luhur poténsi akademikna. Jauh 5 taun saméméhna, saacanna aya program Bidik Misi ti pamaréntah, Unpad geus milu merhatikeun pendidikan anak bangsa. Nepi ka aya istilah "Ulah nepi kajadian aya calon mahasiswa anu teu ditarima/DO (Drop

Out, kaluar) lantaran teu boga waragad!" Program Bidik Misi taun 2010 Unpad narima 500 mahasiswa, 2011 ; 691 jeung 2012 dironjatkeun jadi 900 urang. Kaasup Bidik Misi tahap kadua, utamana program studi Kedokteran jeung Kedokteran Gigi. Kitu deui program beasiswa jeung bantuan pendidikan lianna saperti "Béa Siswa Sauyunan" anu ditaratas ku Réktor Unpad. Nepi ka Agustus 2012, aya kana 5287 urangna anu narima beasiswa ti 33 donatur anu pangajina 33, 4 milyar (leuwih leutik ti taun 2011: 6565 panarima beasiswa ti 44 donatur pangajina 36, 3 milyar), jeung Béasiswa Sauyunan ti para kolotna calon mahasiswa anyar Rp. 2,2 miliar.

"Hatur nuhun. Jazaakallohu khoiron kati-siro! Mugia janten amal jariah anu ngocor taya kandatna," ceuk Réktor Unpad. Dina Dies Natalis anu jejerna "55 tahun Unpad: Eécellence for Indonesia", Unpad gé midangkeun orasi guru besarna, Prof. Dr. Ponpon S. Idjradinata, dr., SpAK anu medar "Peningkatan Kualitas Anak Indonesia Mengantisipasi Bonus Demografi".

Ogé digelar paméran hasil panalungtikan "Pengembangan nutrasetikal biji pala untuk Diabetes Melitus dan Dyslipidemia", hasil panalungtikan gawé bareng antara Fakultas Farmasi jeung Fakultas Kedokteran, Dr. Keri Lestari jeung Prof. Sri Hartni anu dirojong ku Yonsei University, Republik Korea. Nu lianna, Fakultas Teknologi Industri Pertanian anu mintonkeun "Mesin Sortasi Grading Dengan Metode Imej Prosesing" anu bisa milih kualitas tomat jeung hasil lianna saperti "Beas Retrogradasi" (kadar karbohidratna dikurangan, pikeun nu boga kasakit gula/diet), Craker Rendah Kalori, Biskuit Rendah Kalori, Tipung Béas Rendah Karbohidrat jeung ti Budidaya Pertanian anu mintonkeun Hui Cilembu jeung Dodol Hui Cilembu. Acara direuah-reuah ku kasénian, Kliningan, Rampak Sekar SMKN 10, Rampak Kacapi Guru Besar Unpad jeung Arumba Tim Kasénian Unpad. Réktor Unpad gé kaul ngahaleuang lagu "May Way" jeung "Buah Semangka Berdaun Sirih", pedah éta meureun wedalan ti Fakultas Pertanian. Heuy.***

Asép GP